

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna nyaéta “Novél *Absur* Karya H. D. Bastaman (Ulikan Struktural jeung Absurditas”. Dina ieu panalungtikan maké métode déskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif. Téknik dina ngumpulkeun datana ngagunakeun studi pustaka. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori strukturalisme Robert Stanton jeung tiori Absurditas Albert Camus.

Dilaksanakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar aspék struktural jeung wangun absurditas sastra anu nyangkaruk dina novél *Absur* karya H. D. Bastaman. Nu mana ulikan struktural Robert Stanton ngawengku (téma, fakta carita, jeung sarana carita). Sedengkeun ulikan absurditas Albert Camus maluruh kajadian-kajadian absurd nu ngawengku (ngabuang manéh, ma’na kahirupan, pati, harepan, jeung baruntak).

Analisis struktural dina ieu panalungtikan téh maluruh ngeunaan téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma anu nyangkaruk dina ieu carita nyaéta “ngimpi anu absurd”. Dina ieu téma ngawengku 14 pasualan: 1) ngimpi panggih jeung adi, padahal budak bungsu, 2) néangan bebeneran ngimpi dua taun ka tukang, 3) panyakit anu datang sabada solat tahajud, 4) néangan ubar pikeun panyakit arateul, 5) diajar nyieun ubar jeung Ki Atma, 6) Ki Atma tukang ngubaran, diubaran, 7) kulawarga Nyi Titing anu kurang harmonis, 8) omongan Ki Hanapi anu jadi pikiran, 9) niatan mihukum Nyi Titing, padahal boga bojo, 10) sarat-sarat nikah anu can pasti, 11) masalah jual beuli tanah di Cijamblang, 12) kurangna panghasilan tukang gula di Cijamblang, 13) béja cilaka, jeung 14) waktu anu sakitu lilana dina implengan, ngan sababaraha detik di dunya nyata. Galur anu aya dina ieu novél nyaéta galur campuran, nu mana dina eusi caritana ieu novél boga galur anu rupa-rupa. Aya anu anu méréle dina sababaraha épisode nu di mimitian ku ngawanohkeun palaku, mimiti aya pasualan, puncak pasualan, nepi ka tahap ahir

nu mana méréškeun pasualan tuluy aya ogé kajadian balik deui ka kajadian dua anu dialaman ku palaku utama nu hartina aya ogé galur mundur, jeung dina tengah – tengah carita aya ogé galur anu ngarasa jadi bapana salila laladong di Cijamblang nu hartina palaku utama pindah alam lantaran ngarasa jadi bapa jeung boga budak.. Palaku anu aya dina ieu novél aya 24 urang, palaku utama dina novél *Absur* nyaéta Aam Ramdani, nu mangrupa palaku utama anu katimpaan pasualan tuluy di ngaréngsékeun pasualan ku ngameunangkeun bebeneran ngeunaan ngimpi anu dialaman ku manéhna. Palaku tambahan anu ngawengku Ema, Bapa, Ceu Énah, Ceu Omih, Téh Één, Bojo, Dédéh, Mangkudihardja, Suhaéni, Ki Atma, Sudarsim, Nyi Karsih, Ki Hanapi, Nyi Titing, Ahmad, Tatang Atma Wirana, Mang Dastam, Ki Kohar, Nyi Silem, Suwarjan, Sumingan, Sutimah, Mangkudisastra, Mangkudidjadja, jeung Paraji. Latar dina ieu novél kabagi jadi tilu, latar tempat, waktu, jeung sosial. Latar tempat anu kapanggih dina ieu novél aya 12 nyaéta di Padahérang, di Imah, di Cijamblang, di Pamoyanan, di imah panggung leutik camperenik, di Jamban, di Balé, di Kébon, di Pakarangan Imah, Pakuwon, Cijambé, jeung Kamar. Latar waktu anu nyampak dina ieu novél kawilang lengkep ngawengku subuh, isuk-isuk, beurang, sore, jeung peuting. Latar sosial anu aya dina ieu novél nyaéta kahirupan masarakat di padésaan anu sok ngariung jeung sabilulungan. Sanggeus fakta carita, aya sarana carita atawa sarana sastra anu ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul ieu novél *Absur*. Absur bisa dihartikeun nuduhkeun kaayaan atawa panghayatan anu kacow, teu kaharti ku akal, pamohalan tur matak bingung. Éta judul ngarujuk kana kajadian absurd nyaéta Aam Ramdani anu ngimpi panggih jeung adi padahal manéhna budak bungsu, ieu mangrupa awal pasualan dina eusi carita. Puseur implengan anu digunakeun ku pangarang dina ieu novél nyaéta jalma kahiji, lantaran kecap ngaran anu biasa disebut diganti jadi kecap “kuring”. Gaya basa dina ieu novél anu kapanggih aya genep, nyaéta rarahulan, kadalon, rautan, mijalma, ngupamakeun, jeung silib.

Analisis anu satuluyna nyaéta absurditas sastra Albert Camus. Wangun absurditas Albert Camus ngawengku wangun ngabuang manéh, wangun ma’na kahirupan, wangun pati, wangun harepan jeung wangun baruntak. Wangun ngabuang manéh dina ieu novél nyampak dina sababaraha kajadian nyaéta Aam anu

Rendy Rustandi Saepuloh, 2023

NOVEL *ABSUR* KARYA H. D. BASTAMAN (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ABSURDITAS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngarasa cangcaya kana bener henteuna ngimpi anu nyampak ka manéhna, tokoh kuring anu ngarasa ujug-ujug lieur diuk di tepas imah, tuluy imah jeung tepas sarasa muter teu katulungan, jeung aya dina kajadian sadar tina implengan anu karasa lila pisan ti mimiti nyampakna panyakit, diubaran nu sakitu lilana nepi katujuhna bojo di Cijamblang kaliwat ngan sababaraha detik di dunya nyata. Wangun ma'na kahirupan dina ieu novél nyampak dina sababaraha kajadian nyaéta Aam anu panggih jeung adina dina ngimpina anu ngarasa bungah, tuluy kajadian sok dikirimanna tuangeun ku Téh Één, sacara teu langsung ngarasa bungah, jeung kajadian Si Sudar anu ngarasa bungah pisan lantaran aya béja, yén tokoh kuring bakal mihukum Nyi Titing. Wangun pati dina ieu novél nyampak dina hiji kajadian nyaéta Nyi Titing jeung budakna maot, tokoh kuring ngarasa yén dina kahirupanna ngarasa kiamat. Wangun harepan dina ieu novél nyampak dina sababaraha kajadian nyaéta aya dina kajadian monolog tokoh kuring anu ngarasa bosen kana kahirupan sapopoéna anu ukur dileuhang, nginum jajamu, sasarap, dibalur ubar, jeung moyan. Tapi dina monolog ieu sacara teu langsung tokoh kuring boga harepan sangkan bisa cageur tina panyakitna, tuluy aya dina kajadian Nyi Titing anu teu sadar-sadar sangges tisolédad di cai, tokoh kuring tuluy ngausahakeun sagala cara sangkan Nyi Titing bisa sadar. Dina kajadian ieu ayana harepan nyaéta hayang Nyi Titing geura sadar. Wangun baruntak dina ieu novél nyampak dina sababaraha kajadian nyaéta aya dina kajadian Aam anu teu narima kitu baé kana ngimpi anu nyampak, tuluy néangan bebeneranna, tuluy aya ogé wangun baruntak dina kajadian tokoh kuring anu tuluy néangan ubar pikeun panyakit arateulna anu teu cageur-cageur.

Dumasar kana kacindekan di luhur, novél *Absur* karya H. D. Bastaman boga struktur carita anu lengkep ti mimiti ayana téma, fakta carita, jeung sarana carita atawa sarana sastra. Unsur-unsur anu aya kapaluruh dina adegan-adegan anu aya dina eusi carita. Kitu ogé analisis absurditas sastra, wangun ngabuang manéh, wangun ma'na kahirupan, wangun pati, wangun harepan, jeung wangun baruntak aya dina sababaraha adegan anu aya dina eusi carita dina ieu novél.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis anu dipedar, ieu panalungtikan miboga kaonjoyan jeung kahéngkér. Ku kituna sanajan ieu panalungtikan miboga kahéngkér dina sababaraha aspék, salah sahijina nyaéta sumber anu kawilang heureut tapi boga implikasi dina widang paélman hususna ngeunaan absurditas. Dipiharep aya ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan paélman dina widang kasusastraan jeung bisa ngeuyeuban kana kamekaran sastra hususna dina karya sastra Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun panyusun, pikeun panalungtik sastra, 1) panalungtik miharep panalungtik salajengna bisa leuwih jero deui neuleuman kana panalungtikan sastrana hususna ngeunaan absurditas sastra, 2) panalungtik salajengna bisa leuwih ngaéksplor deui référénsi jeung tiori ngeunaan absurditas sastra, 3) pikeun panalungtik salajengna bisa ngajembarkeun deui ulikan tiori ngeunaan sastra, jeung 4) dipiharep masarakat umum bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun minat maca, ngamumulé kabudayaan hususna anu aya di Sunda.